



**Dr. Mary McLeod Bethune EL**

# **Reyinyon Anyèl Tit I**

**Yon prezantasyon an Kolaborasyon  
avèk Pwogram Depatman Federal ak  
Leta ak Lekòl Title I yo**



# Objektif Reyinyon an



- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekòl yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.



- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.



# Kisa Tit I an ye?

Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:



- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.



# Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?



- Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2024-2025
  - Distri a analize done sou revni yo (Manje gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification))
  - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo dapre lwa federal ak lwa Eta a:
    - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
    - 67% pou lekòl segondè





# Sa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
  - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
  - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.




# Kisa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòmè ak patisipe nan
  - Reyinyon Anyèl Tit I
  - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
  - Dwa pou paran patisipe
  - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi\*
  - Kontra ant Lekòl - Paran\*
  - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)\*
  - Sondaj



# Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout elèv benefisyè
- Tout pwofesè benefisyè
- Tout fanmi benefisyè





# Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

## *Rezime SWP lekòl la*

- *Evalyasyon Bezwen Global (Comprehensive Needs Assessment)*
- *Aktivite pou sipòte Bezwen (Activities to Support Needs)*
- *Plan Angajman Paran ak Fanmi (Parent and Family Engagement Plan (PFEP))*
- *Eleman Naratif (Narrative Components)*





# Apwòch Tit I

Pou satisfè rezilta nou espere, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou bagay sa yo:

- **Enstriksyon nan salklas**

- Yon sèl Kowòdonatè Kilti Eskolè:

- Deskripsyon: SSCC pral asire devlopman pwofesyonèl nan ELA, matematik, ak syans pou devlope kapasite pwofesè yo ak parapwofesyonèl pou yo ka aplike ansèyman ki baze sou estanda, separe done, planifye pou bezwen ansèyman, analize pi bon pratik, pratike konsèy, ak ko-ansèyman nan tan reyèl pou klas K-5.



# Apwòch Tit I

- **Enstriksyon nan salklas**
- Senk parapwofesyonèl/Double Defi yo:
- Travay ak mwenske 25% oswa ti gwoup elèv klas 4yèm ane nan lekti, matematik, ak syans pa relèv. - L25 pou 4yèm
  - Travay ak 4-5 elèv ki gen difikilte nan lekti, matematik, ak syans ak labowatwa atravè ti gwoup pa relèv.
  - Travay ak mwenske 25% oswa ti gwoup elèv klas 5yèm ane nan lekti, matematik, ak syans pa relèv. - L25 - 5yèm
  - Travay ak mwenske 25% oswa ti gwoup elèv klas 3yèm ane nan lekti, matematik, ak syans pa relèv. 3yèm
  - Travay ak mwenske 25% elèv Jadendanfan-2yèm ane nan lekti, matematik, ak syans pa relèv



# Apwòch Tit I

- Opòtinite aprantisaj pwolonje

- *Pwofesè sètifye yo pral sipòte aprantisaj elèv yo atravè leson patikilye (Aprè Klas) nan ELA, Matematik ak Syans pou elèv ki nan klas 3-5yèm ane (konsantre sou 25% ki ba ak elèv nivo yo te bese) pou remedye konsèp salklas yo. L ap kòmanse nan mwa fevriye 2025*

- Teknoloji ak founiti

- Ekoutè pou sipòte aprantisaj elèv lè y ap itilize aparèy òdinatè pou tout klas ak tout matyè
- Papyè blan pou fotokopi (sak) pou sipòte aprantisaj elèv yo ak livrezon ansèyman nan ELA, Matematik, Syans (leson entèvansyon) pou klas K-5.
- Makè Sharpie, asòti, Pake ki gen 8 - pou sipòte aprantisaj elèv yo ak dispozisyon ansèyman K-5 nan ELA, matematik, ak syans (sal klas ak leson patikilye)
- Kreyon an bwa, 0.7mm, pwent Mwayen nimewo 2, 144/Bwat pou sipòte aprantisaj elèv yo ak livrezon ansèyman nan klas K-5 pou ELA, matematik, ak syans (sal klas ak leson patikilye)
- Makè Ekspo Nwa- bwat ki gen 12, pou sipòte aprantisaj ak livrezon ansèyman nan klas K-5 pou ELA, matematik ak syans (sal klas ak leson patikilye)

## Kolaborasyon pwofesè

Pwofesè K-5 yo pral patisipe nan planifikasyon kolaborasyon pou planifye leson yo tout pandan y ap itilize estanda BEST yo, analize done, devlope estrateji ansèyman pou amelyore rezilta aprantisaj pou tout matyè. Apre orè klas apre lekòl, samdi ak dimanch



# Apwòch Tit I

Pou satisfè rezilta nou espere, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou bagay sa yo:

- **Angajman Paran-Fanmi:** Angaje paran yo pou ogmante ak maksimize koneksyon ant kay ak lekòl la, Ogmante piblisite ak komunikasyon nan tout lang matènèl pou tout evènman lekòl yo.
- Fòmasyon Paran-Fanmi: #1. Fòm pi bon lektè - Sesyon fòmasyon entèaktif sa a pral ekipe paran yo ak konesans ak zouti pou sipòte devlopman lekti pitit yo lakay yo.

*Paran yo pral aprann :*

*Prensip Fondamantal yo: Jwenn yon konpreyansyon klè sou fonik ak konsyans fonolojik, pilye ak ladrès pou yon bon lekti.*

*Enstriksyon Eksplisit: Aprann estrateji ak aktivite pratik pou ranfòse son lèt, konbinezon, ak konsyans fonemik lakay ou.*



# Apwòch Tit I

- **Angajman Paran-Fanmi:** Angaje paran yo pou ogmante ak maksimize koneksyon kay ak lekòl la, Ogmante piblisite ak kominikasyon nan tout lang matènèl yo pou tout aktivite lekòl yo.

- Fòmasyon Paran-Fanmi: #2. Fliyidite nan Matematik

*Yon atelye entèaktif ki fèt pou ekipe paran yo ak konesans ak estrateji pou ede pitit yo devlope konesans matematik. Atelye sa pou paran timoun nan tout nivo klas yo.*

*Paran yo pral aprann:*

*Enpòtans fliyidite nan Matematik: Konprann ki jan fliyidite ak adisyon debaz, soustraksyon, miltiplikasyon, ak divizyon etabli fondasyon pou siksè matematik nan lavni.*

*Bati yon fondasyon solid: Eksplòre wòl sibitizasyon (kapasite pou rekonèt ti kantite yo byen vit) ak estrateji matematik mantal nan devlope konesans reyalyte.*



# Apwòch Tit I

- **Angajman Paran-Fanmi:** Angaje paran yo pou ogmante ak maksimize koneksyon kay ak lekòl la, Ogmante piblisite ak kominikasyon nan tout lang matènèl yo pou tout aktivite lekòl yo.
  - Fòmasyon Paran-Fanmi: #3. Syans

*Yon atelye entèaktif ki fèt pou entwodui w nan Estanda Syans 5yèm ane Florid yo epi ekipe paran yo ak zouti pou pote animasyon nan aprantisaj syans yo lakay yo!*

*Ki sa paran yo pral aprann:*

*Pwosesis Syantifik la: Konprann etap fondamantal yo nan rechèch syantifik, soti nan poze kesyon ak fè obsèvasyon rive fè eksperyans, analize done, ak tire konklizyon.*

*Estanda Syans 5yèm ane Florid ak Vokabilè Syans: Eksplòre konsèp kle yo kouvri nan kourikoulòm Syans 5yèm ane Florid la, ki gen ladan fòs ak mouvman, matyè ak enèji, sistèm latè, òganis ak anviwònman, ak investigasyon syantifik.*



# Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè



# Plan Angajman Paran ak Fanmi (Feyè) Ann revize plan nou an ansanm

- Deklarasyon misyon nou sou angajman paran
- Fason nou travay ak paran yo, fanmi yo ak kominote a pou ogmante siksè elèv yo
- Ki jan nou fòme pwofesè yo pou yo travay ak fanmi yo
- Ki jan nou sipòte paran yo nan ede elèv yo lakay yo
- Ki jan nou pataje enfòmasyon enpòtan





# Fòmasyon pou paran yo

An akò ak Plan Angajman Paran ak Fanmi an, nou ta renmen envite w patisipe nan fòmasyon sa yo nan jou k ap vini yo:

- Fòmasyon #1: 24/10/24 @ 5:30 pm - Fòmasyon pi bon lektè
- Fòmasyon #2: 19/11/24 @ 5:00 pm - Fòmasyon Fliyidite Matematik
- Fòmasyon #3: 29/01/25 @ 5:30 pm - Syans



# Kontra Lekòl-Paran (Fèyè) Ann revize Kontra a ansanm

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra Lekòl-Paran ki ekri pa paran, manm fanmi yo ak pèsònèl lekòl la.
- Kontra Lekòl-Paran an etabli responsablite elèv yo, paran yo, manm fanmi yo, ak anplwaye lekòl yo nan efò pou ogmante siksè elèv yo.





# Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra ant Paran ak Lekòl la, men se paran, manm fanmi ak pèsònèl lekòl la ki pou ekri l.
- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsablite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante ranman elèv la.





# Kontra ant Paran ak Lekòl la


- Sijesyon pou Kontra ane pwochè nan
- Kesyon



# Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo; ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a, kalifikasyon pwofesyonèl li.






# Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòmè fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- kòman pitit yo degaje yo nan egzamen leta tankou ak SSA.

FSA, EOCs,





# Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout elèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.





# Pwogram Edikasyon Migran



Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè





# Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta
- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:  
Jorge Echegaray  
Manadjè, Migrant Education Program  
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl  
[Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org](mailto:Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org)  
(561) 202-0356





# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

Ekip *McKinney-Vento Homeless Education Program*  
(MVP) kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yonabri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akoz yon difikilte



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak *McKinney -Vento* & Jesyonè Ka nan *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)*, k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

## Enfòmasyon pou Kontakte MVP

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- [MVHomeless@palmbeachschools.org](mailto:MVHomeless@palmbeachschools.org)



# Konklizyon

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Konplete evalyasyon
- Konplete evalyasyon : Nan lyen, sou kopi di oubyen sou sit Web nou an .

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

Nou espere w pase yon bòn ane akademik!